



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Wiwitan



Penulis : Dwi Ony Raharjo
Ilustrator : Bayu Prihantoro

B2



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Wiwitan

Penulis : Dwi Ony Raharjo
Ilustrator : Bayu Prihantoro
Penerjemah : Dwi Ony Raharjo

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

WIWITAN

Penulis : Dwi Ony Raharjo
Ilustrator : Bayu Prihantoro
Penerjemah : Dwi Ony Raharjo
Penyunting : Aji Prasetyo
Penata Letak: Bayu Prihantoro

Penerbit
Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023
ISBN 978-623-112-746-4 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic, Lilita One, Concert One.

ii, 20 hlm., 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi

Wiwitan

Dina Minggu esuk, srengenge
mlethek ing sisih wetan.
Cahyane sumunar kuning
semburat abang.
Pitik jago padha kluruk.
“Kukuruyuk ... kukuruyuk ...,”
mangkana unine.

Hari Minggu pagi, matahari
terbit dari timur.
Cahayanya bersinar kuning
kemerahan.
Ayam jago berkokok
“Kukuruyuk ... kukuruyuk ...,”
” begitulah bunyinya.



Mbok Pawiro wis sengkut mangsak ing pawon.
Pak Pawiro katon lagi gawe sega tumpeng.
Arawinda ngewangi Pak Pawiro.
Dheweke wira-wiri jupukake ubarampe tumpeng.

Mbok Pawiro telah sibuk memasak di dapur.
Pak Pawiro terlihat sedang membuat nasi tumpeng.
Arawinda membantu Pak Pawiro.
Dia hilir mudik mengambil perlengkapan tumpeng.



Pak lan Mbok Pawiro mesem namatake anak ontang-antinge kuwi. Arawinda bingung kenapa sega ditata dadi kaya gunung.

“Tumpeng iki kanggo apa, Pak?” pitakone Arawinda.

Pak dan Mbok Pawiro tersenyum melihat anak semata wayangnya itu. Arawinda bingung mengapa nasi dibentuk seperti gunung.

“Tumpeng ini untuk apa, Pak?” tanya Arawinda.



Pak Pawiro crita manawa tumpeng iki kanggo wiwitan.

Wiwitan kuwi salah sijine upacara tradhisine wong tani Jawa.

Tujuwane kanggo mulyakake Dewi Sri, Dewi Tanduran Pari.

Bab kuwi pinangka wujud sokur wong tani marang Gusti Kang Akarya Jagad. Sokur amarga tandurane lemu lan wis wayahe dipanen.

Pak Pawiro menjelaskan bahwa tumpeng ini untuk acara *wiwitan*.

Wiwitan merupakan salah satu upacara tradisi petani Jawa.

Tujuannya adalah untuk memuliakan Dewi Sri, Dewa Tanaman Padi. Hal itu sebagai wujud syukur kepada Tuhan Sang Maha Pencipta.

Syukur dikarenakan tanaman yang subur dan siap untuk dipanen.



“Wiwitan kuwi piye Pak?” pitakone Arawinda. Wiwitan kuwi kendhuren ing sawah sakdurunge dipanen. Uba rampene tumpeng, gereh, gudhangan lan jajan pasar. Kabeh digawa menyang sawah, banjur didongani mbah dhukun.

Sakwise didongani, wiwitan mau banjur dipangan bareng. Bocah gedhe-cilik, lanang-wadon kabeh oleh melu wiwitan.

“Wah..... seneng banget ya Pak!” Arawinda sumringah.

“Wiwitan itu bagaimana Pak?” tanya Arawinda.

Wiwitan itu kenduri di sawah sebelum dipanen.

Perlengkapannya nasi tumpeng, ikan asin, urap, buah buahan serta jajanan pasar. Semua perlengkapan dibawa ke sawah dan didoakan oleh Mbah Dukun.

Setelah itu, makan bersama. Semua orang, baik besar maupun kecil, laki maupun perempuan, boleh ikut wiwitan.

“Wah..... senang sekali ya Pak!” Arawinda riang gembira.



“Nalika tandur, apa ya ana Wiwitan Pak?” Arawinda takon.

Ana. Kawit tandur nganti panen, ana patang werna upacara, yaiku brokohan, jenangi, tingkeban, lan wiwitan.

“Waktu tanam padi, apakah juga ada wiwitan Pak?” tanya Arawinda. Dari tanam padi hingga panen, ada empat macam upacara.

Upacara itu adalah brokohan, jenangi, tingkeban, dan wiwitan.



“Brokohan kuwi piye Pak?”
pitakone Arawinda.
Brokohan kuwi kaya
wiwitan, nanging sak
durunge garap sawah.
Uba rampene ya padha,
ana sajen, tumpeng, lan
jajan pasar.
Sakwise brokohan, banjur
garap sawah, yaiku
megawe.
Megawe kuwi garap sawah
migunakake tenaga sapi
utawa kebo.

“Brokohan itu seperti apa
Pak?” tanya Arawinda.
Brokohan itu seperti
wiwitan, tetapi
dilaksanakan sebelum
menggarap sawah.
Perlengkapannya sama,
ada sesajen, tumpeng,
jajan pasar.
Setelah brokohan, lalu
menggarap sawah, disebut
megawe.
Megawe itu membajak
sawah menggunakan sapi
atau kerbau.



“Yen Njenangi kuwi piye Pak?” pitakone Arawinda Jenangi kuwi wiwitan, nanging migunakake jenang.

Jenang, yaiku bubur kang digawe seka tepung beras. Uba rampene ya padha, ana sajen, tumpeng, lan jajan pasar.

Dileksanaake nalika sakwise nandur pari.

Jenange mligi jenang gula jawa, utawa jenang abang.

“Kalau jenangi itu yang bagaimana Pak?” tanya Arawinda

Jenang itu wiwitan, tetapi menggunakan jenang.

Jenang adalah bubur yang dibuat dari tepung beras.

Jenang dilaksanakan setelah tanam padi.

Jenangnya khusus, harus jenang gula jawa atau jenang merah.



“Yen Tingkeban?” pitakone
Arawinda
Tingkeban kuwi wiwitan
nalika pari sepisanan
awoh.
Minangka wujud syukur
amarga parine wis awoh.
Uga minangka donga
supaya pari ora kena ama
sawah.

“Kalau tingkeban?” tanya
Arawinda
Tingkeban adalah wiwitan,
waktu padi mulai berbuah.
Sebagai wujud syukur
karena padi telah
berbuah.
Juga sebagai doa agar
padi tidak diserang hama
sawah.



“Ama sawah kuwi apa Pak?” Arawinda penasaran.
Ama sawah kuwi penyakite tanduran pari.
Kayata keyong, uler, wereng, walang, manuk, lan uga tikus.
Kuwi kabeh bisa gawe kapitunan, yaiku gagal panen.

“Hama sawah itu apa Pak?” Arawinda penasaran
Hama sawah itu hama penyakit tanaman padi.
Seperti siput, ulat, wereng, belalang, burung dan juga tikus.
Semua itu dapat merugikan, yaitu gagal panen.



Esuk sansaya padhang.
Sambi cerita bab
warna-wernane wiwitan,
tumpenge wis dadi.
Mbok Pawiro wis nyawisake
kabeh uba rampe.
Ing plataran,
tangga-teparo uga wis
padha teka.

Pagi semakin terang.
Sambil cerita tentang
macam macam wiwitan, nasi
tumpeng telah siap.
Mbok Pawiro sudah
menyiapkan seluruh
perlengkapan.
Di halaman, tetangga sudah
berdatangan.



Mbah dhukun ugi sampun rawuh .
Mbah dhukun mrentahake supaya uba rampe wiwitan digawa metu seka omah..
Tumpeng, kembang, jajan pasar, uwoh-uwohan, digawa nganggo tambir.
Mbok Pawiro lan Mbokde Krama nggendhong tenggok wadhah panganan.

Mbah Dukun sudah bersiap siap.
Memerintahkan agar semua perlengkapan Wiwitan dibawa keluar rumah.
Tumpeng, kembang, jajan pasar, buah buahan, dibawa menggunakan tambir.
Mbok Pawiro dan Mbokde Krama menggendong tenggok tempat makanan



Mbah dhukun mlaku ngarep
dhewe gawa sesajen.
Bocah-bocah cilik kaya
Arawinda, Emi, Paijo padha
ngetutake.
Ngewangi gawa uba rampe
kang ringkes.
Kayata gagar mayang,
ani-ani, jarik, jungkat, lan
pengilon.
Kabeh katon sumringah,
padha guyon gegojegan
turut dalan.
Pak Pawiro lan Mbok Pawiro
mlaku buri dhewe.

Mbah Dukun berjalan paling
depan membawa sesajen.
Anak anak kecil, seperti
Arawinda, Emi, Paijo
mengikutinya.
Mmbawa perlengkapan yang
ringan dan mudah.
Seperti gagar mayang,
ani-ani, jarik, sisir rambut
dan cermin.
Semua terlihat riang
gembira, bercanda ria di
sepanjang jalan.
Pak Pawiro dan Mbok Pawiro
berjalan paling belakang.



Tekan sawah kidul desa,
lakune banjur turut
galengan.
Pakdhe Krama kang lagi
megawe, gage nyencang
sapine.
Wisuh resik banjur nyusul
melu wiwitan.

Sampai sawah selatan desa,
mereka berjalan menyusuri
pematang.
Pakdhe Krama yang sedang
megawe bergegas mengikat
sapinya.
Mencuci tangannya dan
segera menyusul ikut
wiwitan.



Uba rampe wiwitan banjur dilumpukake ana ngarep gubug. Mbah Dhukun lungguh sedheku, nyumet sesajen lan dedonga. Rampung dedonga, Mbah Dhukun milih pari kang paling apik. Parine dipethik nganggo ani-ani, akehe sak gegem. Anggone methik pari ora kena guneman utawa tapa bisu. Pari banjur ditaleni nganggo damen, sabanjure diselehake tambir. Dikemuli jarik amor ani-ani, jungkat lan pengilon.

Perlengkapan wiwitan diletakkan di depan gubug. Mbah Dukun duduk bersila, menyiapkan sesajen dan berdoa. Setelah berdoa, Mbah Dukun memilih padi yang terbaik. Padi dipetik menggunakan ani-ani, hingga satu genggam tangan. Selama memetik padi, tidak boleh berbicara atau tapa bisu. Padi yang telah dipetik diikat menggunakan batang padi, diletakkan di tambir. Diselimuti jarik, dijadikan satu dengan ani-ani, sisir rambut dan cermin.



“Mbok Pawiro....” Mbah dhukun ngundang Mbok Pawiro.

“Dalem Mbah....” Semaure Mbok Pawiro.

“Mengko pari ing tambir iki digawa mulih.

Sasuwene gawa mulih, ora kena guneman utawa tapa bisu.

Tradisi iki jenenge ‘Mbopong Dewi Sri’,” ujare mbah dhukun

“Injih Mbah...” Mbok Pawiro sambli nampani tambir.

“Mbok Pawiro....” Mbah Dukun memangil Mbok Pawiro.

“Saya Mbah....” Jawab Mbok Pawiro.

“Padi di tambir ini nanti dibawa pulang.

Selama perjalanan tidak boleh berbicara atau tapa bisu.

Tradisi itu yang disebut ‘Mbopong Dewi Sri’,” kata Mbah Dukun.

“Iya Mbah...” Mbok Pawiro sambil menerima tambir.



Sawetara kuwi,
bocah-bocah wis lungguh
jentrek jentrek ana
galengan.
Ngadhep pincukan
godhong gedhang kang
dicawisake Mbokde
Krama.
Pak Pawiro ngadeg
nyangking tenggok.
Ngedum sega gurih,
gudhangan, gereh, sambel
gepeng ing pincukan.
Mbok Pawiro ngedum
jajan pasar,
kayata cucur, gethuk,
klepon, apem, serabi, lan
slondhok.

Sementara itu, anak-anak
sudah duduk bersila
berderet-deret di
pematang.
Mbokde Krama sudah
menyiapkan pincukan daun
pisang di depan mereka
masing-masing.
Pak Pawiro berdiri
membawa tenggok.
Membagi rata nasi uduk,
urap, ikan asin, sambal
gepeng di pincukan.
Mbok Pawiro membagi jajan
pasar.
Seperti cucur, getuk,
klepon, apem, serabi, dan
slondok.



Sawise kabeh keduman,
banjur mangan bareng.
Arawinda seneng banget
lungguh jejer bareng
kanca-kancane.
Nyekeli pincukan sambu
mangan bebarengan.
Sega wiwitan pancen enak
tenan.

Setelah semuanya mendapat
bagiannya, mereka makan
bersama.
Arawinda senang sekali
duduk berjajar bersama
teman-temannya.
Memegang pincukan, makan
bersama.
Nasi wiwitan memang
sangat nikmat.



Mbah Dhukun takon marang bocah-bocah oleh apa wae jajan pasare.

“Aku oleh klepon!” semaure Arawinda seneng banget.

“Aku oleh apem!” Emi melu mangsuli.

“Aku oleh serabi!” Paijo sambu ngacung

“Aku oleh slondhok!”

Pakdhe Krama sambu meruhake untune kang ompong.

“Hahahahaha.....” kabeh padha ngguyu.

Mbah Dukun bertanya mendapatkan jajan pasar apa saja.

“Aku dapat klepon!”

Arawinda riang gembira

“Aku dapat apem!” Emi turut pula

“Aku dapat serabi!” Paijo sambil mengacungkan jarinya.

“Aku dapat slondok!”

Pakdhe Krama jawab sambil menunjukkan giginya yang ompong.

“Hahahahaha.....” semuanya tertawa.



Biodata

Penulis dan Penerjemah



Dwi Ony Raharjo, lahir pada 5 Juni 1972, adalah penulis yang gemar karya-karya yang mengandung unsur budaya, kepahlawanan, sejarah, dan tradisi. Beberapa karyanya mendapat apresiasi dari Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan, Pemerintah Daerah Boyolali, Pemerintah Daerah Sleman, Pemerintah Daerah Magelang, dan Pemerintah Daerah Temanggung. Aktif dalam kegiatan pelestarian dan kampanye literasi di desa-desa. Literasi Untuk Negeri adalah prinsip yang kuat dipegangnya. Untuk berhubungan dengan penulis ini, bisa melalui nomor 081 3934 82869 dan email paradize099@gmail.com

Ilustrator



Bayu Prihantoro, lahir pada tahun 2001. Ia sedang menempuh pendidikannya di Universitas Negeri Yogyakarta pada jurusan Pendidikan Seni Rupa. Ia adalah seorang desainer grafis dengan fokus pada bidang ilustrasi, *branding*, dan *layouting*. Pembaca dapat menghubungi melalui Instagram @bapritow atau melalui posel yoe.bayoeeee@gmail.com.

Penyunting



Aji Prasetyo, lahir pada tahun 1976 di Semarang. Menamatkan pendidikan Sarjana Sastra Indonesia Fakultas Ilmu Budaya, Universitas Gadjah Mada pada tahun 2002. Pernah bekerja di Kantor Bahasa Provinsi Sulawesi Tenggara tahun 2006—2012. Sejak 2012—sekarang, ia bekerja di Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menghubungi melalui posel ajiprasetyo2009@gmail.com.

MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Wiwitan merupakan acara kenduri sebelum panen diadakan di sawah. Arawinda turut serta membantu ayah dan ibunya dalam persiapan acara wiwitan. Setelah semua siap mereka segera ke sawah.

ISBN 978-623-112-746-4 (PDF)



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023